



Pou Piblikasyon Imedya: 19/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO MANDE DEPATMAN SANTE A POU PIBLIYE LÈT BAY DEPATMAN SANTE YO NAN KONTE A POU ASIRE LOKALITE YO GEN PLAN POU REYALIZE TÈS GRIP AK COVID-19 YO AN MENM TAN**

Kòm previzyon pou sezon grip la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande jodi a pou Depatman Sante a voye yon [lèt](#) bay depatman sante yo nan konte a pou asire lokalite yo gen plan anplas pou reyalize tès grip ak COVID-19 yo an menm tan.

*Tèks konplè lèt la disponib anba la a:*

Chè Manm Komisyon/Direktè Sante Piblik:

Depatman Sante Eta New York apresye anpil travay patnè Depatman Sante Lokal (Local Health Department, LHD) nou yo jiska jodi a nan efò nou pou kontwole ak anpeche transmisyon kominotè nouvo kowonaviris la (COVID-19). Depatman an rekonesan tou ak konte sou angajman ou pou pwoteje sante piblik la alavni.

Pandan n ap antre kounye a nan yon sezon grip pandan yon pandemi san parèy, Gouvènè Cuomo te mande Depatman mwen an pou asire kominote lokal yo gen kapasite tès apwopriye pou grip sezonyè a ak COVID-19 pou nou ka asire resous limite pou tès, laboratwa ak tretman yo itilize nan fason ki pi efikas.

Mwen mande detay sou ki plan pou otòn sa a LHD te prepare pou bay rezidan yo nan konte ou a ase disponibilite, aksè ak, epi enfòmasyon sou tès grip ak COVID-19 yo. Repons ou pral ede enfòmasyon kontinyèl eta a pou bati yon sistèm tès sifizan pou pwoteje tout Nouyòkè yo.

Si gen nenpòt pwoblèm oswa baryè LHD ou a ka prevwa ki pral rann li pi difisil pou kenbe kapasite tès sifizan nan konte ou a, tanpri note yo, epi ekip mwen an pral travay ak ou pou rezoud yo.

An final, anplis kapasite tès apwopriye, devlope ak egzekite yon plan djanm sou vaksinasyon kont grip pral ede asire nou kapab kontinye reponn yon fason efikas ak defi aktyèl pandemi sa a, kidonk, tanpri bay enfòmasyon sou mezi presi LHD ou an ap pran pou ogmante pousantaj vaksinasyon yo nan kominote ou yo.

Tanpri pataje enfòmasyon sa yo sou plan yo pou tès kont grip ak COVID-19 yo ak plan pou vaksinasyon kont grip yo, ki gen ladan baryè ki prevwa yo, rive 3 pm nan mèkredi 26 out bay [prevention@health.ny.gov](mailto:prevention@health.ny.gov).

Mèsi pou tout sa ou fè epi mwen pa ka tann pou wè patenarya kontinyèl nou an nan konbat pandemi sa a.

Sensèman,  
Howard A. Zucker, M.D. J.D.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)